Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 28 (7582)
15 Июнь
Хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Депутатазул данделъи



I5 июналда букIана районалъул депутатазул Собраниялъул иргадулаб данделъи. Гьенир гьоркьор лъуна «Унсоколо район» МОялъул 2022 соналъул КСПялъул хIалтIул хъаравуллъиялъулгун хIисаб-суалалъул палатаялъул хIалтIул председателасул доклад. ХIисаб кьуна КСПялъул председатель ГIамир Насрудиновас.

Гьенибго тасдикъ гьабуна къватIисан гьабулеб хал гьабиялъул, гьелъухъ балагьиялъулгун тасдикъ гьабиялъул КъагIида. Гьеб суалалъулги бицана ГI. Насрудиновас.

Данделъиялда «Хасаб цIуниялда гъоркь ругел ракьазде» гъорлъе цогидал ракьал рачиналъул кIваралъул бицун кIалъана районалъул ракьазулгун кадастровияб ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нач. М. МухIастанов.

РукIана цогидалги суалал. Гьенибго щибалъе данде кколел хIукмабиги къабул гьаруна.

Внимание!

## Проявите гражданскую ответственность!

Уважаемые жители Унцукульского района, дорогие мои земляки. Мы живем в горной местности, случаются землетрясения, пожары, различные природные катаклизмы, из-за погодных условий нередко возникают чрезвычайные ситуации. И часто, при определении ущерба, желая оказать помощь населению, мы сталкиваемся с одними и теми же проблемами – отсутствием регистрации права собственности. Возместить ущерб при потере незарегистрированной недвижимости мы не можем. Поэтому, я призываю вас проявить гражданскую ответственность и сознательность, привести в соответствие документацию своей недвижимости. Наши специалисты всегда готовы оказать любую помощь вам в оформлении права собственности недвижимости.

**Телефоны для обращения граждан: МКУ «Служба земельно-кадастровых и имущественных отношений» МО «Унцукульский район» - 89882768847 МФЦ по Унцукульскому района - 89387778301**

**С уважением, Глава муниципального образования «Унцукульский район» - Иса Нурмагомедов**

## Хайираб бутIаялде кIварги кьун



7 июналда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас данделъи тIобитIана бюджеталъул хайираб бутIа цIикIкIиналъул мурадалда. Гьеб рахъалъ киналго бутIабазда бугеб хIалалде кIвар кьуна данделъиялда.

Группаялъул жавабиязда цебе докладгун кIалъана ГI. НурмухIамадов. Гьениб нухмалъулес бихьизабуна I июналде бюджеталъул хайиралъул бутIа 80% тIубан бугин. -Хъвай-хъвагIай гьабичIого хIалтIулел объектал тIатинариялъе ведомствабазда гьоркьосеб комиссиялда гIемер тIоритIула рейдалъулал тадбирал. Гьенибго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна жиндир заманалда кколеб къадар гIарцул жанибе бачIинабиялъе гьабулеб хIалтIи лъикIаб бугин, гьелъие бугеб план I00% тIубазабизе рес бугин, гьелъие гIоло жеги нилъ хIалтIизе кколинги т1адч1ей гьабуна.

Гьеб гуребги РДялъул БетIер Меликовасул гьаб соналъул 2 июналда бачIараб рекомендациялда рекъон гьеб рахъалда тIад жеги хIалтIи гьабизе кколеб бук1ин х1исабалдеги босун районазул ва шагьаразул ресрсснабжениялъул организациязда лъазабун буго кьотIи-къаял гьаризе хIалтIулел ругел коммерчискиял объектазулгун. ЛъикIаблъун бихьизабулеб буго энергоресурсазул коммерческиял объектазулгун (масала, бича-хисиялда, туризмалда, гIаммаб квана-гьекъеялда, АЗСазда, автомойкабазда, автосервисазда ва цогидаздаги). Руго электроэнергиялда ва цогидалги бак1азда пачалихъияб хъвай-хъвагIай гьечIого рагьарал бакIал. КIвар буссинабизе ккола хадурккун рачIунел налогазда хурхарал гьединал бакIазул сундасаго цебе пачалихъияб хъвай-хъвагIай гьабизе бетIергьаби тIамиялде.

Тарбия-лъай кьей

## БукIинеселде куцаялъул асаралда гъоркь



I4 къо бараб лъимергун советияв педагог С. Макаренкохъе ячIуна чIужугIадан кин хадубккун дица лъимадуе тарбия кьезе лъикIаб букIинеб абураб суалгун. Гьелъие кIудияв педагогас жаваб гьабун буго, I4 къоялъ кватIун йигин мун гьелъие тарбия кьезе,-абун. ГьедигIанги гIадада заман биччазе бегьуларо унго-угояб тарбия лъималазе кьолез гьел куцаялъул ишалъулъ. «Ласточкаялъул» тадбиралъулъ г1ахьаллъана лъай кьеялъул отделалдъул методистал У. Мух1амадова, П. Мух1амадх1ажиева ва «Ахихъан» газеталъул редактор С. Къебедмух1амадова

ГIисинго лъималазе битIараб тарбия кьеялъул хIалтIи мисалияб куцалда гIуцIун бугин абизе бегьула нилъер районалдаги. Гьединаб пикру дилъ щулалъана гьал къоязда Унсоколо бугеб «Ласточка» МКДОУялъул школалде хIадурлъиялъул группабазда тIобитIараб интегрированниябгун цадахъаб занятиялда гIахьаллъидал.

«Ласточка» буго районалда ругел киналго ясли-ахазул бицунго цIикIкIарал лъимал жанирéги рачунеб, кинабго рахъалъ тарбия-лъай кьеялъул хIалтIи жакъасеб къоялъул тIалабазда рекъон гIуцIараб лъималазул ах. ГьабсагIаталда гьенире хьвадула 2I6 лъимер.

ТIадехун бихьизабухъе школалде хIадурулеб анлъго группаялъ тарбия кьеялъул хIалтIул хаслъабазул сипат-сурат цебечIезабулеб 6 занятиял ана гIахьаллъарал жалгоги ишалъулаб гьира-цIаялде гъорлъе кколедухъ.

Щибаб занятиялъул мурад букIана т1адег1анаб бич1ч1иялъул рихьиза-риязда рекъон лъималазул г1акълуялъулъе ишалъулаб асар лъугьинаби. Масала, С. ХIажимух1амадовалъ бачунеб музыкалияб занятиялда кIвар буссинабун букIана берцинабщиналъ лъималазе асар гьабиялде, гьезул г1акълуялъулъ эмоциял ц1ик1к1инариялъе. Музыкаялъул гьаракьалда гъоркь гIурччинаб тIабигIаталда лъималаз хIала «музыкалияб лото». Экранада тIабигIат бихьизабулеб букIиналъ занятие кечI-бакъангун гьениб унеб гIадаб асар лъугьинабулебги букIана балагьаразулъ.

(Ахир 2 гъумералда)

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 28 (7582)
хамиз
15 июнь 2023 сон



РДялъул Правительствалъул пред. А-М. Абулмуслимовас данделъи тIобитIана Россиялъул 23 регионалъул гIи-боцIул выставкалъул хIасилалги гьарун. Гьес баркала загьир гьабуна кинабго нухмалъиялъул рахъалдасан гьенир гIахьаллъаразе. Россиялдасаго 96 магIишаталъ гIахьаллъи гьабуна выставкаялда. Гьенире рачIарал гIадамазул къадар бахуна I6 азарго чиясдаса тIаде. Дагъистаналъги лъикIаб гIахьаллъи гьабуна гьениб.



Тарбия кьей: мухбирас суал борхулеб буго

# Эбел-инсул адаб - гIаданлъиялъул кьучI

Эбел-инсул ва жидедасаго чIахIиязул адаб хIурмат гьаби, гьездехун гурхIалилаб бербалагьи гьаби ккола гIисиназул тIадаб борч. ГIолеб гIелалъ чIахIияздехун адаб гьаби, гьел кIодо гьари буго шаргIалдаги законалдаги данде кколеб, хIурматияб рахIму-цIобалъул иш.

Жакъасеб къоялъ гьеб рехсараб иш кинха бугеб? Абизе бегьула гьедигIанго беццилеб хIалалда гьечIин.

Харабаз бицуна цебе чIахIиял чагIи гIодор чIарал годекIаналда цересан унароанин гIисинал, чIахIиязул адаб гьабун, жакъа къоялъул гIолилазда гьединаб иш жал хIакъир гьарилъун бичIчIилин ккола дида. ГIолеб гIелалда ракIалде кколеб буго дир хIисабалда чIахIияз жал гьитIинаб мехалъго гIадин гогьдаризаризе кколин.

Жакъа къоялда киса-кибего гIуцIун ругел рахIму-цIобалъул гIуцIалабазги абизе бегьула жидеда барабщинаб гьабулеб бугин гьеб кIвар бугеб иш кIочогунтIиялъе-абун. Амма гьабулелъул хIасил гьечIо. Жакъа къоялда эбел-инсулги лъималазулги гьоркьобльи лъикIаб рахъалдехун сверизабизе, г1олеб г1ел куцаялде нилъеца киназго кIвахI тун х1алт1и гьабизе тIадаблъун бугин ккола дида.

Ясли-ахазда, школазда лъималазда бичIчIизабизе ккола хадусеб гIумроялъе тарбия бугевлъун г1еялъул бугеб кIвар ва гъваридаб магIна. КигIанго гьедин рукIине киса-кибего ахIулел ругониги камулел гьечIо эбел-эмен къварид гьарулел ва гьезде квер борхулелцин лъимал. Гьезие гIакъуба кьолел, чIахIиязухъ гIенеккуларел, гьез малъараб гIаксалда гьабун, гьезул ракI бекизабулел лъимал камулел гьечIо. Гьеб ккола эбел-инсуе гIакъуба кьейлъунги гьезул адаб тейлъунги, цебе нич-рогьолъун букIараб. Лъималаз херлъарал эбел-эмен хадубккун хьихьизе чIахIиязул рокъоре кьолел хIужабигицин бусурбабазда гьоркьор кколел руго, кигIан жиб рекъечIеб иш бугониги. Рехсезин магIарухъ жиб ккараб, битIухъего ракI къотIулеб гIадаб лъугьа-бахъин. Иш ккола гьадин. Цо эбелалъул вукIуна 2 вас, тIокIал лъималги рукIунаро, эменги хун цевеса ун вукIуна.

Милат гьабизе чи гьечIого херлъарай ва гIажизлъарай эбел ккола кIиявго васасул милаталде. Жидерго магIишат-яшавалдаса регIуларого ругел гьезда ракIалде ккола эбел чIахIиязул милат гьабулеб рокъое хьихьизе кьезе. Ва кIиявго вас уна гьей щвезайизе, щайгурелъул кIиязулго хъизаназ лъазабун букIуна хадуйккун бербалагьи гьабизе жидер рокъое эбел ячIине жал рази гьечIилан.

ЧIахIиязул рокъое йосизе эбелалъул хъвай-хъвагIай гьабулаго цинтIаго кIудияв васасул телефоналде бачIуна званок, гьес гьитIинав васасда абула, дихъе кутакаб кIвар бугеб бакIалдасан кIалъан рачIунел ругин, дун ина дуца гьабе гьанже гьаниб хутIараб хIалтIи,-абун. Гьев уна жиндирго магIишат-яшавалъул ишазде.

ИчIго моцIалъ чохьонив ваччарав, керен кьун гIезавурав, лъимадул кинидухъ ялагьун гIумроялъго гIорцIичIей эбелалъул гьесие гьечIеб кIваралъ лъилха ракI бекичIого хутIилеб!

Гьанже рехсезин цойги гьаб ишалъул гIаксалда гIарабазул улкаялда лъугьараб, гьалдаго релъараб гIадаб лъугьа-бахъиналъул. Цо чиясул вукIуна 2 вас, эбелги хун цееса ун йикIуна, балагьизе чи гьечIого эмен ккола гьев кIиявго васасул милаталде. Ва кIиявго васас милат тIаде босула, цойги батIиял чагIи гьоркьоре риччачIого.

КIудияв вацас абула гьитIинасда эмен хвезегIан дица хьихьизе вачине вугин жиндихъего,-ян. КIудияв вацасул адаб гьабун гьесул хIукмуялда гьитIинав вацас щибго абуларо, гьитIинав вацасул бадиб магIу хулула ва абула кIудияв вацасда, дун гьитIинав вугелъул ватилаха дуца гьикъичIого ва данде бачIого гьединаб хIукму гьабураб,-абун. Гьесул хIал бичIчIарав кIудияв вацас абула: лъикI буго, дир вац, нилъеца гьедин батани гьадин гьабила, хвезегIан цо моцIалъ дица хьихьила эмен, цо моцIалъ дуца хьихьила. Гьеб хIукмуялда разилъарав гьитIинав вацасул магIил цIун рукIарал берал цинтIаго рохалил цIола... Гьедин гьабизеги гьабула гьез.

Гьанже нужецаго данде ккеха, вацалги яцалги, гьаб кIиабилеб хабарго берцинабги рекъарабги гьечIищ цебе рехсаралдаса.

Гьез нилъее гIумроялда жаниб кьунцинаб щай гурин, эбелалъ лъимадул кинидахъ борчIараб цо сордоялъул багьаяб жо нилъеца тIубараб гIумроялъго гьабун бажаризе гьеч1о эбел-инсуе. Дур кинидахъ балагьун г1орц1ич1ей, тIоцебе эбелалъул гьурмадеги балагьун кинидухъ лъимер гьимарабго, гьелдаса йохиялъул кутакалъ дир беразул канлъи, каранзулги х1ухьел,- абун к1алъарай, кинигун цадахъ лъимер каранде къарай эбел! Мун вохидал йохарай, мун пашманлъигун пашманлъарай, кинабго гIумроялъул сахлъи дуе кьун гьитIинлъарай ва тIадагьлъарай, дагьай кванарай, гIемерай хIалтIарай, хIеренай эбел!

Камилай, къиматай, къадруяй жавгьар, рахIмат ва нигIмат! Жий гьаб ракьалда тIад сунданиги данде ккун бащалъуларей ва сунцаниги хисуларей, хисизе рес гьечIей, жий цееса ун гурони нилъеда къиматги лъаларей, амма ун хадуб кигIан ракI бухIун угьданиги нилъеда щибго хисизабизеги кIоларей, цояб-кваркьи бекараб хIинчI киниги нилъги хутIулей, гьединай йиго унго-унгоги эбел!

Адаб-хIурматалъе живги гьейго гIадан мустахIикъав, къадру тIокIав бахIарчияв-эмен! Чанги къо бачIуна гьел кIиялго аскIор рукIаралани,-ян ккараб ва хIажалъарал, амма хисизабизе кIолеб жо букIунаро гьел цереса ун хадуб. Аллагьас нилъее киназего тавпикъ кьейги эбел-инсул ва чIахIиязул адаб хIурмат гьабизе ва гьел кIодо гьаризе. Гьел кIодо гьариялъул кьучIалда гIолеб гIелалъе тарбия кьей кодохъ босани лъикIан киса-кибего.

ЛъикIав чиясдасан лъикIлъиги квешаздасан квешлъиги тIибитIулеб бугелъулха дунялалдаго. ГIаданлъиялъулаб тарбия гIолеб гIелалъе кьеялъ хвасар гьабилаан ракьалда гIумро,-ян ракIалде ккола дида. Аллагьас нилъее киназего тавпикъ кьейги лъикIаб гьабизеги, квешаб тезеги!

**МухIамадхIажи АХIМАДОВ**
**Унсоколо росу**



# БукIинеселде куцаялъул асаралда гъоркь

Психолог Р. МуртазагIалиевалъ гьабураб занятиялда эмоционалияб ахIвал-хIал лъималазул гьурмахъ балагьун бичIчIизабиялде кIвар кьун бугоан. Гьеб унеб букIана «Угадай эмоцию»,- абураб бихьизабиялда.

Гьединабго пикро цебетIезабиялъул къагIидаби хIалтIизарун ругоан гIадати яб гуреб сурат бахъиялъул занятиялда (рук. А. ГIабдулхIажиева). Гьединго графическияб диктанталда тIанкIал лъураб тIамачалда лъималаз рахъана магIна гъваридаб, ай гьабулеб иш рагьулеб кIул (психолог Р. НурмухIамадова).

Гьале «Анищазул улка» занятие (рук. А. МухIамадова). Гьелъул аслияб мурад буго щибаб лъимералъ къойил физическиял упражнениял гьариялде кIвар кьей. Гьеб бихьизабуна батIи-батIиял хIаяздалъун. Гьелъ рес кьола пикрогIакъло цебетIезабиялъе, цохIого кагътил тIамач гIемер батIи-батIиял ишазе хIалтIизабун. Масала, гьеб хIалтIизабуна битIухъе ботIроде тIаде гьебги ккун ритIун чIей игра хIаялъе. Гьедин хIана лъималазул фантазиял, цIад балаго ва бакъ бухIидал ккуна бетIералда тIад ва гь. ц.

БукIана логопедалъул занятиеги (А. МухIамадгIалиева). Бицана гьаракь бугелги гьечIелги хIарпазул, гьединго гаргадизе бач1унарел лъималазулгун суратазухъ балагьун хабар гIуцIиялде кIвар кьуна.

КIочон гьечIоан лъималазул ихтияразул суалги (рук. П. МухIамадгIалиева). Гьеб ана «Нижерги ихтияр буго!»,- абураб ахIиялда гъоркь.

Къокъго абуни занятиязда кIвар кьун бугоан лъималазда хъатIулел киналго суалазде. Тадбир ана гIуцIадго, гIиси-бикъинабгицин гъалатI ккечIого. Гьединаб гIуцIи буголъиялъе цIикIкIараб асар бугоан хIалтIи гIуцIадго бачуней «Ласточка» ясли-ахалъул зав. П. ХIамзатовалъул бич1ч1и бугеб х1алт1ул.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 28 (7583)
хамиз
15 июнь 2023 сон

3 гьумер

# С а д о в о д

Страница в номере




# Занятие предпринимательством без регистрации ИП или статуса само занятого

Занятие предпринимательством без регистрации ИП или статуса само занятого признается незаконным предпринимательством, за ,что придется заплатить налог и штраф. В некоторых случаях может привести к уголовной ответственности. Правда есть во всей этой истории и положительный момент – не все виды получения дохода является нарушением. Что такое предпринимательство? Предпринимательство – это самостоятельная систематическая деятельность, направленная на получение прибыли от продажи, оказания услуг либо выполнение работы. Ведение предпринимательской деятельности без регистрации ИП или постановки на учет в качестве может обернуться штрафом и доначислением неуплаченных налогов. Как наказывают за нелегальный бизнес? ФНС сообщает, что за нелегальноепредпринимательствогрозитналоговая, административная даже уголовная ответственность. В частности, КоАП РФ предусматривает различные административные санкции, под которые попадают: • предпринимательская деятельность без госрегистрации в качестве юрлица или ИП; • предпринимательская деятельность без наличия специального разрешения или лицензии (если они обязательны); • осуществление предпринимательской деятельности с нарушением требований и условий, предусмотренных специальным разрешением или лицензией. Как правило, если в ходе рейда налоговой устанавливается, что гражданин осуществлял торговлю без оформления свидетельства о предпринимательской деятельности, то на него составляется административный протокол с последующим направлением в суд по ст. 14.1 КоАП РФ «Осуществление предпринимательской деятельности без государственной регистрации». Уголовная ответственность может стать реальностью, если нелегальный бизнес нанес ущерб государству или гражданам. Таким образом, вид наказания зависит от ситуации и тяжести проступка. Распространенное наказание — административная ответственность по ст. 14.1 КоАП: • Штраф от 500 руб. до 2 000 руб. — если доходы от нелегального бизнеса меньше 2,25 млн руб. Причем речь идет не о конкретном факте заработка, а об общей сумме, которую смогут доказать инспекторы. • Штраф от 2000 руб. до 2 500 руб. — если доходы составили меньше 2,25 млн руб., но для деятельности нужна лицензия. Если в дело вмешается налоговая, то незаконному предпринимателю могут доначислить налоги — нужно будет заплатить неучтенные НДФЛ и НДС. Конкретная сумма зависит от решения суда. Еще могут оштрафовать за непостановку на учет в налоговой — 10 % от дохода за три года деятельности, но не меньше 40 000 руб. (ст. 116 НК РФ). И за умышленную неуплату налогов и сборов — 40 % от неуплаченной суммы (ст. 122 НК РФ). Если доход от незаконной предпринимательской деятельности составил больше 2,25 млн руб., то может наступить уголовная ответственность (ст. 171 УК РФ): штраф до 300 000 руб., 480 часов обязательных работ или арест на 6 месяцев. Если доход был в особо крупном размере, то есть больше 9 млн руб., наказание будет тяжелее: штраф от 100 000 руб. до 500 000 руб., работы на срок до 5 лет или лишение свободы на срок 5 лет и штраф до 800 000 руб. Штраф за незаконную предпринимательскую деятельность может дополняться наказаниями за сопутствующие правонарушения: торговля контрафактом, незаконное использование чужих товарных знаков, обман покупателя. Признаки предпринимательской деятельности В Письме от 07.05.2019 N СА-4-7/8614 ФНС называет маркеры, которые «подсвечивают» признаки нелегального бизнеса: • Учет операций. Подразумевается любая фиксация операций, связанных с предпринимательством. Это может быть воронка продаж и передвижение по ней клиентов в CRM, учет производства в обычной тетради. • Устойчивые связи с клиентами и контрагентами. Например, если фрилансер заключает договоры с подрядчиками. • Приобретение имущества для получения прибыли. Под этот пункт подходит закупка товара для перепродажи, постоянные поступления на склад сырья для производства. Подойдут пакеты с мукой и кондитерские инструменты, если человек зарабатывает на производстве и продаже тортов.

Косвенным признаком предпринимательской деятельности может быть готовая торговая точка, расставленный ассортимент, учет деятельности, действующая реклама, постоянные переводы разных или одинаковых сумм на карту. Нельзя сказать, что любой из этих пунктов будет являться точным доказательством предпринимательской деятельности: все зависит от конкретной ситуации, и за пачку муки в кладовке вряд ли выпишут штраф. Но если человек дает объявления о продаже тортов на заказ, имеет договоренность с соседним магазином о постоянной поставке джемов, ведет блокнот с учетом продаж и хранит мешки с мукой в квартире, это может послужить доказательством незаконного предпринимательства.

# Информация о страховых представителях в МО. Кто защищает права застрахованных в ОМС (про полис).

В страховых медицинских организациях создана служба страховых представителей, которые защищают права и законные интересы граждан на получение бесплатной медицинской помощи по ОМС, осуществляют информирование и информационное сопровождение на всех этапах оказания помощи, в том числе при прохождении профилактических мероприятий.

Страховые представители разделяются на 3 уровня:

Страховые представители 1-го уровня – это специалисты контакт-центра, которые консультируют по всем вопросам организации и получения медицинской помощи по программам обязательного медицинского страхования: о порядке выбора и прикрепления к медицинской организации,

информируют о возможности и порядке выбора врача и графике их работы, о возможности и порядке прохождения диспансеризации.

Специалисты тесно взаимодействуют с медицинскими организациями и решают вопросы организации медицинской помощи, работают с обращениями граждан и обеспечивают их рассмотрение самостоятельно в рамках своей компетенции, в том числе привлекают специалистов более высокого уровня.

Страховые представители 2-го уровня – их задачей являются первичное и повторное индивидуальное информирование о возможности прохождения

диспансеризации и профилактических мероприятий, контроль прохождения диспансеризации и при необходимости, напоминание. Также они проводят телефонные опросы застрахованных лиц для уточнения своевременности прохождения профилактических мероприятий, выяснения причин отказов от них, анализируют данные опросов и результатов прохождения диспансеризации.

Страховые представители 3-го уровня - реализуют функции по мотивированию застрахованных к выполнению рекомендаций врача по результатам диспансеризации, повышению приверженности лечению у лиц, подлежащих диспансерному наблюдению, а также по разбору конфликтных ситуаций и спорных случаев, оказанию, при необходимости, правовой помощи в целях защиты прав граждан на получение бесплатной медицинской помощи.

Обратиться к специалистам можно несколькими способами:

-по телефону информационно-справочной службы вашей страховой медицинской организации, -прийти на личный прием, - обратиться письменно по почтовому адресу или адресу электронной почты, указанному на сайте.

В ряде медицинских организаций организованы посты страховых представителей, которые помогут оперативно ответить на вопросы или оказать содействие в разрешении ситуации. В некоторых медицинских организациях, где отсутствуют посты страховых представителей, установлены телефоны-автоматы для прямой оперативной связи со страховым представителем.

Что такое полис ОМС?

На основании Федерального закона от 06.12.2021 № 405-ФЗ «О внесении изменений в Федеральный закон «Об обязательном медицинском страховании в Российской Федерации» с 1 декабря 2022 года полис обязательного медицинского страхования (полис) – это электронная запись сведений о гражданине, которая хранится в едином регистре застрахованных лиц Российской Федерации

Сведения о полисе предоставляются гражданам в виде выписки из единого регистра застрахованных лиц о полисе ОМС, которая содержит сведения о застрахованном лице, страховой медицинской организации и номере полиса.

На сегодняшний момент на территории РФ действительны следующие документы:

- в виде бумажного бланка либо в виде пластиковой карты с электронным носителем, которые были выданы до 1 декабря 2022 года;

- в виде выписки из единого регистра застрахованных лиц о полисе ОМС, выданной начиная с 1 декабря 2022 года;

- полисы, выданные до 1 декабря 2022 года на бумажных бланках либо в виде пластиковых карт с электронным носителем, являются действующими и замене не подлежат;

-граждане, получившие временные свидетельства об оформлении полиса до 1 декабря 2022 года, получают бумажные бланки полисов либо полисы в

виде пластиковой карты с электронным носителем в прежнем порядке в страховой медицинской организации.

*Внимание! Необходимо сохранять информационное письмо, полученное Вами вместе с электронным полисом, на протяжении всего срока использования полиса. PIN-код, указанный в этом письме, необходим для внесения изменений в сведения, записанные в чип-модуль Вашего полиса (например : о страховой медицинской организации при ее замене).

Что дает полис ОМС.

Полис обязательного медицинского страхования (ОМС) удостоверяет право застрахованного лица на бесплатное оказание медицинской помощи на всей территории Российской Федерации в объеме, предусмотренном базовой программой ОМС.

Важные сообщения

## Ради безопасности

**В связи с возникшей служебной необходимостью, в целях профилактики и предупреждения несчастных случаев на водных объектах в период летнего купального сезона сообщаем:**

- О запрете купания в несанкционированных местах на водных объектах, расположенных на территории МО «Унцукульский район», проводить активную разъяснительную работу среди населения о возможных последствиях купания в необорудованных местах.
- О немедленном информировании УУП и дежурную часть ОМВД ( тел. 99-60-33, 98-43-57, 8999 4189414) при выявлении лиц, купающихся вдоль берега Ирганайского водохранилища.
- Об информировании населения через средства массовой информации, и о правилах безопасности проведения на водных объектах в летний период.

* * *

**В связи с возникшей служебной необходимостью, в целях профилактики и предупреждения несчастных случаев и чрезвычайных происшествий, связанных со взрывом бытого газа и пожарами в жилом секторе.**

-О недопущении использования несертифицированных и самодельных обогревательных приборов, газовых колонок, неисправных обогревательных приборов, а также самовольных подключений к линии электропередач, а также к газопроводам, которые могут привести к возникновению чрезвычайных происшествий.
- О немедленном информировании УУП и дежурную часть ОМВД ( тел. 99-60-33, 98-43-57, 8 999 418 94 14 ) при выявлении в многоквартирных жилых домах посторонних лиц, не являющихся сотрудниками газовых служб и работниками РЭС, подозрительных предметов, появлении запаха газа.
- О необходимости строгого соблюдения мер пожарной безопастности при использовании бытового газа, а так же незамедлительно проинформировать дежурную часть ОМВД, МЧС и газовую службу при возникновении пожаров, появлении запаха газа и угрозе взрывов ,образовавшейся газо-воздушной смеси.

## «Об особом противопожарном режиме»

**С 1 мая в Республике Дагестан вводится особый противопожарный режим. Соответствующее постановление о введении режима 27 апреля подписал Председатель Правительства Дагестана Абдулмуслим Абдулмуслимов.**

Особый противопожарный режим вводится в целях недопущения возникновения пожаров, их распространения на значительной площади, снижения угрозы травмирования и гибели людей, а также минимизации последствий пожаров в период жаркой, сухой и ветреной погоды.

На период действия особого противопожарного режима вводятся дополнительные требования и меры пожарной безопасности. Согласно постановлению, республиканским органам исполнительной власти, органам местного самоуправления муниципальных образований Республики Дагестан, организациям, руководителям организаций отдыха детей и их оздоровления, садоводческих и огороднических товариществ, иным юридическим и физическим лицам на период действия особого противопожарного режима запрещено разведение костров, сжигание твердых бытовых отходов, мусора, выжигание травы, а также проведение иных пожароопасных работ на территориях садоводческих и огороднических товариществ, организаций отдыха детей и их оздоровления, на землях лесного фонда, населенных пунктов и прилегающих территориях, в том числе на земельных участках, непосредственно примыкающих к лесам, к землям сельскохозяйственного назначения, к защитным и озеленительным лесным кустарниковым насаждениям. Также запрещено проведение пожароопасных работ, в том числе проведение сельскохозяйственных палов, сжигание стерни, пожнивных остатков, мусора и разведение костров на полях. Запрещено использовать противопожарные расстояния между зданиями, сооружениями и строениями для складирования материалов, оборудования, тары, оборудования, тары, мусора, травы и иных отходов, для разведения костров, приготовления пищи с применением открытого огня (мангалов, жаровен и др.) и сжигания отходов и тары.

Также сообщаем Вам о том, что нарушение требований пожарной безопасности в условиях особого противопожарного режима влекут за собой административную ответственность согласно ч. 2 ст. 20.4 КоАП РФ, а именно:

Нарушение требований пожарной безопасности, совершенные в условиях особого противопожарного режима влекут наложение административного штрафа на граждан в размере от десяти тысяч до двадцати тысяч рублей; на должностных лиц - от тридцати тысяч до шестидесяти тысяч рублей; на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - от шестидесяти тысяч до восьмидесяти тысяч рублей; на юридических лиц - от четырехсот тысяч до восьмисот тысяч рублей. Отдел надзорной деятельности и профилактической работы № 4 по г. Буйнакск, Буйнакскому и Унцукульскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по Республике Дагестан напоминает: **в случае обнаружения и возникновения пожара необходимо незамедлительно звонить по единому номеру вызова экстренных служб - «112».**

## О получении налоговых уведомлений и требований об уплате задолженности по налогам через личный кабинет на едином портале государственных и муниципальных услуг (ЕПГУ)

Федеральным законом от 14.04.2023 № 125-ФЗ «О внесении изменений в часть первую Налогового кодекса Российской Федерации» с 01.07.2023 предусмотрена возможность получения налоговых уведомлений для уплаты налогов на имущество и НДФЛ, а также требований об уплате задолженности по налогам налогоплательщиками - физическими лицами в электронной форме через личный кабинет на едином портале государственных и муниципальных услуг (ЕПГУ).

Получение через ЕПГУ указанных документов налоговых органов возможно при соблюдении двух условий: 1) налогоплательщик должен быть зарегистрирован в единой системе идентификации и аутентификации на ЕПГУ; 2) налогоплательщик направил через ЕПГУ уведомление о необходимости получения документов от налоговых органов в электронной форме через ЕПГУ. Пользователь ЕПГУ сможет оплатить начисления из указанных документов онлайн, при этом налоговые уведомления и требования об уплате задолженности не будут дублироваться заказными письмами по почте, кроме предусмотренного пунктом 2 статьи 11.2 НК РФ случая. Воспользоваться возможностью получения налоговых документов через ЕПГУ можно в любой момент вне зависимости от наличия доступа к личному кабинету налогоплательщика. Для прекращения получения документов от налоговых органов через ЕПГУ налогоплательщик - физическое лицо вправе направить через ЕПГУ соответствующее уведомление.




| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района. Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать - 15. 06. 2023 г. 15. 50 фактически -15. 45 мин. ........................................ Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1002 экз. |
|---|---|---|---|